

Kategori :	KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL CITYWIDE COUNCIL ON SPECIAL EDUCATION (CCSE)	Pibliye : 26 jen 2012	Nimewo : D-150
Sijè :	PWOSESIS POU SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75	Paj :	1 nan 2

REZIME CHANJMAN YO

Regleman sa a an vigè apati dat yo afiche l epi li mete ajou ak ranplase Reglelarn Chanselye D-150 *Chancellor's Regulation D-140* ki gen dat 24 mas 2010.

Chanjman

- Men chanjman yo fè nan kondisyon elijiblite kandida ki vle yo chwazi yo pou Konsèy sou Edikasyon espesyal *Council on Special Education* ("CCSE"). Kandida yo fèt pou se paran elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividyèl individualized education program (IEP) k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal ke Depatman Edikasyon Department of Education (DOE) ofri ak/oswa peye. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan CCSE a. Yon paran ki elijib nan moman aplikasyon an, men ki pa gen yon timoun ki kalifye ankò ak yon IEP pandan dire manda l , pa p elijib ankò kòm manm apati dat li pa paran yon elèv ki gen IEP ankò. (Gade paj 1, Seksyon I.A.1.a.)
- Men chanjman yo fè nan kondisyon elijiblite kandida ki vle yo chwazi yo pou konsèy Distri 75 (D75 Council). Kandida yo fèt pou se paran elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan Distri 75. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandida pou yon pòs nan konsèy D75. Yon paran ki elijib nan moman aplikasyon an, men ki ki pa gen yon timoun nan D75 ankò pandan dire manda l , pa p elijib ankò kòm manm apati dat li pa paran yon elèv nan D75 ankò. (Gade paj 7, Seksyon II.B.1.)
- Yo revize lwa sou konfli enterè ki aplikab pou sèvis nan CCSE ak nan konsèy D75 pou fè referans ak CR D-125. (Gade paj 2, Seksyon I.A.c.III.; paj 7, Seksyon II.B.1.c iii)
- Kandida pou CCSE ak konsèy D75 ka aplike kounye a pou plis pase yon konsèy edikasyon pou kominote *Community Education Council* (CEC) ak/oswa konsèy edikasyon Vil . Menmsi yo pèmèt kandida soumèt plizyè aplikasyon, yo pa pèmèt yo manm nan plis pase yon konsèy. Pandan epòk aplikasyon, kandida ki aplike pou ofri sèvis yo nan plis pase yon konsèy dwe klase konsèy y ap aplike yo nan lòd yo pito yo. Kandida yo chwazi sou kondisyon pou vin manm nan plis pase yon konsèy ap nan konsèy yo te chwazi anpremye pami konsèy yo chwazi pou yo mete yo sou kondisyon. (Gade paj 2, Seksyon I.B.1; paj 7-8, Seksyon II.C.1)
- Kounye a yo egzije kandida pou CCSE yo pou mete nan aplikasyon yo enfòmasyon sou chak pwogram edikasyon espesyal kote yo gen yon timoun ak IEP. Y ap konsidere yon kandida kòm reprezantan chak distri kote kandida a gen yon timoun ki gen yon IEP nan yon pwogram edikasyon espesyal. Yon kandida ki pa bay enfòmasyon sou chak distri kote l se yon reprezantan ap lakoz Chanselye a diskalifye l, si li vle. (Gade paj 2, seksyon I.B.2)
- Kounye a yo egzije kandida pou D75 yo pou mete nan aplikasyon yo enfòmasyon sou chak lekòl D75 kote yo gen yon timoun ak yon IEP nan moman an. Y ap konsidere yon reprezantan nan chak lekòl sa yo. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak lekòl kote li se yon reprezantan, li ka sibi diskalifikasyon depi Chanselye a vle. (Gade paj 8, Seksyon II.C.2.)
- Yo fè chanjman sa yo nan pwosesis seleksyon an pou ni CCSE ni Konsèy D75: Yo elimine vòt preliminè *advisory vote* nan pwosesis seleksyon an epi yo revize pwosedi pou fè fowòm Kandida yo. (Gade paj 2-3, Seksyon I.D; paj 8, Seksyon II.E)
- Men chanjman yo fè nan regleman sou chwa nan CCSE a: (1) Se sèt kandida ki gen plis kantite vòt la y ap chwazi sou kondisyon, eksepte distri 75 ki ka gen plis pase yon reprezantan nan CCSE a, epi distri 75 pa ka gen plis pase de reprezantan nan CCSE a; (2) si gen de paran distri 75 pami sèt kandida ki te resevwa plis kantite vòt yo epi yo chwazi yo sou kondisyon, kidonk de yo pa t chwazi

Kategori :	KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL CITYWIDE COUNCIL ON SPECIAL EDUCATION (CCSE)	Pibliye : 26 jen 2012	Nimewo : D-150
Sijè :	PWOSESIS POU SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75		Paj : 2 nan 2

avan ki te plis kantite vòt la y ap chwazi yo sou kondisyon pou konble de plas ki rete nan CCSE a, dapre restriksyon ki di pa gen lòt distri apa distri 75 ki ka gen plis pase yon paran reprezantan nan CCSE a; epi (3) si pa gen de paran nan Distri 75 pami sèt kandida ki te resevwa plis kantite vòt yo epi yo te chwazi yo sou kondisyon, kidonk y ap chwazi de paran distri 75 ki te resevwa pis kantite vòt yo sou kondisyon. (Gade paj 3, seksyon I.E.1.c.)

- Si li nesèsè pou yo fè yon dezyèm tou pou CCSE akòz yonn oswa plizyè plas ki rete vid akòz restriksyon ki genyen pou pa chwazi plizyè kandida nan menm distri a (eksepte distri 75) oswa plis pase de paran distri 75, tout kandida yo pa t chwaz avan epi ki pa gen pitit nan distri yo te deja reprezante nan CCSE a, ap elijib pou yo chwazi yo nan dezyèm tou a. (Al gade paj 3-4, seksyon I.E.1.d.ii)
- Si li nesèsè pou yo fè yon dezyèm tou pou distri 75 akòz yonn oswa plizyè plas ki rete vid akòz restriksyon ki genyen pou pa chwazi plizyè kandida nan menm lekòl la, tout kandida yo pa t chwaz avan epi ki pa gen pitit nan lekòl yo te deja reprezante nan konsèy D75, ap elijib pou yo chwazi yo nan dezyèm tou a. (Gade paj 9, seksyon II.F.c.ii)
- Si li nesèsè pou yo fè plizyè eleksyon dezyèm tou pou CCSE oswa pou konsèy D75, y ap fè yo an menm tan men an segman separe, ak kandida ki regwoupe dapre kondisyon regleman sa a. (Gade paj 4, Seksyon I.E.1.d.v; paj 9, Seksyon II.F.c.iv)
- Kandida ki vle sèvi kòm defansè piblik *Public Advocate* yo nome nan CCSE ak/oswa nan konsèy D75 gen obligasyon pou yo soumèt aplikasyon yo nan biwo *Public Advocate* la. (Gade paj 4, Seksyon I.E.2; paj 9-10, Seksyon II.F.2)
- Moun ki enterese nan konble pòs vid nan CCSE ak/oswa nan konsèy D75 dwe soumèt aplikasyonh yo nan CCSE, nan konsèy D75 oswa nan Divizyon pou Angajman Fanmi ak Komite *Division of Family and Community Engagement* (FACE). (Gade paj 6, Seksyon I.I.b; paj 11, Seksyon II.J.b)
- Tout kote yo te site Biwo pou angajman ak defans dwa fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA) " vin chanje an Divizyon pou angajman Fanmi ak Kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE)."

REZIME

Règleman sa a bay detay sou kondisyon elijiblite ak sou pwosesis nominasyon ak seleksyon manm CCSE ak manm konsèy distri 75 (D75 Council), epi li tabli pouvwa ak responsablite D75 Council. Li endike tou yon pwosesis pou mete manm nan pòs vid yo. Toude konsèy yo gen 11 manm ki ka vote ak yon elèv manm ki pa ka vote. Pou CCSE a, nèf nan manm ki ka vote yo dwe se paran elèv ki gen yon IEP ke yo chwazi dapre pwosedi ki tabli nan regleman an, epi de lòt manm ki ka voye yo se defansè piblik vil Nouyòk ki nonmen yo. Pou D75 council, nèf nan manm ki ka vote yo dwe se paran elèv k ap resevwa sèvis nan distri 75 ke yo chwazi dapre pwosedi ki tabli nan regleman an, epi de lòt manm ki ka voye yo se defansè piblik vil Nouyòk ki nonmen yo. CCSE a ak D75 Council ap fè tout travay ak ranpli tout responsablite yo dapre Lwa Vil Nouyòk sou Reyinyon piblik.

I. CCSE**A. Elijiblite**

1. 1. Paran manm ak manm Defansè Piblik nonmen
 - a. Paran elèv¹ ki gen yon IEP k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal DOE ofri ak/oswa peye elijib pou pwopoze tèt yo kòm manm nan CCSE. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan CCSE a. Yon paran ki elijib nan moman aplikasyon an, men ki pa gen yon timoun ki kalifye ankò ak yon IEP pandan dire manda l, pa p elijib ankò kòm manm apati dat li pa paran yon elèv ki gen IEP ankò.²
 - b. Moun sa yo pa elijib dapre lalwa :
 - i. Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nonmen oswa eli nan pòs yon pati (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon rejyon *county*) ;
 - ii. Anplwaye k ap travay pou DOE kounye a;
 - iii. Moun yo kondane pou krim oswa ke yo mete deyò nan yon Konsèy Edikasyon Vil oswa CEC pou yon move zak ki gen pou wè dirèkteman avèk sèvis l ap ofri nan Konsèy Vil sa a oswa CEC sa a, oswa yo te kondane pou yon krim ki gen pou wè dirèkteman avèk Konsèy Vil oswa CEC sa a.
 - iv. Moun ki nan yon lòt Konsèy vil oswa nan yon lòt CEC.
 - c. Anplis, moun nou pral site la yo pa elijib pou fè pati yon konsèy :
 - i. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon;
 - ii. Moun yo te retire nan yon Asosyasyon Paran Parent Asosyasyon (PA) /Asosyasyon Pwofesè-Paran Parent Teacher Association (PTA), nan yon Ekip lidèchip lekòl School leadership Team (SLT), nan Konsèy Prezidan Distri, nan Konsèy lekòl segondè vil la, nan Komite Tit I, oswa nan konsèy lekòl kominotè pou yon move zak ki gen rapò dirèk ak sèvis l ap ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, komite, oswa komite dirijan sa a; epi
 - iii. Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen

¹ Yo defini yon paran kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li), gadyen legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak gadri yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.

² Jan lalwa mande l la, tout paran manm CCSE a se pral paran elèv ki gen IEP.

yon konfli enterè dapre CR D-125.³

2. Elèv

Elèv lekòl segondè ki gen yon IEP k ap nan dènye ane pandan ane yo nan konsèy la ap elijib pou fè pati CCSE. Nan règleman sa a, yo konsidere yon elèv nan dènye ane lekòl segondè *senior* yon elèv ki gen apeprè 30 kredi lekòl segondè.

B. Nominasyon paran

1. Paran ki enterese ofri sèvis yo nan CCSE ap soumèt yon aplikasyon yo ranpli sou entènèt pou pwopoze tèt yo kòm kandida nan www.nycparentleaders.org. Kandida yo ka aplike pou plis pase yon CEC ak/oswa Konsèy Edikasyon Vil *Citywide Education Council* la. Menmsi yo pèmèt kandida soumèt plizyè aplikasyon, yo pa pèmèt yo manm nan plis pase yon konsèy. Pandan epòk aplikasyon, kandida ki aplike pou ofri sèvis yo nan plis pase yon konsèy dwe klase konsèy y ap aplike yo nan lòd yo pito yo. Kandida yo chwazi sou kondisyon pou vin manm nan plis pase yon konsèy ap nan konsèy yo te chwazi anpremye pami konsèy yo chwazi pou yo mete yo sou kondisyon. Divizyon pou Angajman Fanmi ak Kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE) ap afiche delè pou soumèt aplikasyon yo sou sit www.nycparentleaders.org. Paran ki pa gen aksè nan Entènèt ka kontakte FACE pou jwenn yon lis lekòl ak òganizasyon lokal ki ka bay yo aksè nan yon konpitè ki gen koneksyon Entènèt.
2. (8) yo egzije kandida yo mete nan aplikasyon yo enfòmasyon sou chak pwogram edikasyon espesyal kote yo gen yon timoun ki gen yon IEP. Y ap konsidere yon kandida kòm reprezantan chak distri kote kandida a gen yon timoun ki gen yon IEP nan yon pwogram edikasyon espesyal. Yon kandida ki pa bay enfòmasyon sou chak distri kote l se yon reprezantan ap lakoz Chanselye a diskalifye l, si li vle.
3. Y ap afiche seksyon nan aplikasyon chak kandida (non, lekòl pitit yo ye, deklarasyon sou fòmasyon ak aktivite yo, ak deklarasyon pèsònèl) sou www.nycparentleaders.org pou paran ak moun nan piblik la ka wè.

C. Selektè

Konsèy Prezidan *Presidents' Council* (PC) pou chak distri lekòl kominotè ak distri lekòl borough a pou Distri 75 ap chwazi yon paran elèv ki gen IEP pami manm li yo pou fè pati moun k ap seleksyone manm CCSE yo Sizoka pa ta gen yon paran elèv ki gen IEP nan PC a, PC a ap mande paran elèv ki gen IEP nan distri oswa borough a nan ka yon lekòl segondè pou ofri tèt yo kòm volontè pou fè pati selektè yo. PC sa a ap chwazi pami volontè sa yo yon paran pou ofri sèvis li kòm selektè nan manm CCSE a. Paran ki kandida pou fè pati CCSE pa elijib pou vin selektè.

D. Fowòm kandida

1. FACE ap fè yon fowòm kandida kote kandida pou CCSE a ap kapab fè prezantasyon devan selektè yo ak lòt paran ak pati ki enterese.
2. Fowòm kandida yo dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan selektè yo nome yo vote nan dezyèm madi mwa me ane eleksyon an. FACE ap chwazi yon lokal DOE, dat ak lè ki apwopriye pou Fowòm Kandida yo, epi l ap pran tout pèmi obligatwa pou Fowòm Kandida yo. FACE ap peye frè pou tout pèmi ki nesèsè yo ak lòt frè ki gen pou wè ak Fowòm kandida a.
3. FACE ap bay kopi tiliv kandida yo ki espesifik pou CCSE ki gen ladan non ak deklarasyon pèsònèl tout kandida pou CCSE a, pou yo distribiye nan fowòm kandida yo. FACE ap bay lòt sipò lojistik pou fowòm kandida yo, lè l nesèsè.

E. Pwosesis chwa yo

1. Seleksyon paran manm (ki ka vote)

³ Kondisyon sou elijiblite ki nan Seksyon I.A.1.b ak I.A.1.c règleman sa a valab tou pou moun defansè piblik la nonmen.

- a. Selektè yo dwe ale sou sit wèb www.nycparentleaders.org pou yo vote. Depi yo fin ouvri sesyon an, moun ki pral fè seleksyon yo ap wè yon bilten vòt ki gen non tout kandida pou CCSE yo ak distri kote lekòl pitit yo ye a (oswa borough a, si pitit kandida a nan yon lekòl segondè ki pa nan distri 75). Chak selektè ap vote pou de kandida. FACE ap bay selektè yo enfòmasyon pi detaye konsènan jan pou yo soumèt bilten vòt yo.
- b. Nan nèf pòs paran manm (ki ka vote) nan CCSE a, omwen de ladan yo fèt pou se kandida ki se paran elèv ki nan yon pwogram distri 75 (ke yo rele nan dokiman an "paran Distri 75"). Yo ka mete nenpòt lòt paran ki elijib nan lòt sèt pòs yo.
- c. Lè yo konte bilten yo :
 - i. Y ap seleksyone sou kondisyon sèt kandida ki gen plis kantite vòt yo. Men, okenn lòt distri apre distri 75, pa ka gen plis pase yon paran kòm reprezantan nan CCSE a, eksepte jan yo prevwa I nan I.E.1.c.iii. Distri 75 pa ka gen plis pase de paran kòm reprezantan nan CCSE a, eksepte jan yo prevwa I nan I.E.1.c.iii. Si yo chwazi plis pase yon kandida nan menm distri a (apa distri 75) , oswa si yo chwazi plis pase de kandida nan distri 75, y ap chwazi kandida ki gen plis kantite vòt la. Yo pa p konsidere lòt kandida nan menm distri ki gen mwens vòt yo epi y ap pran sou kondisyon lòt moun ki gen dezyèm pi gwo vòt la nan yon distri ki poko gen reprezantan nan CCSE a.
 - ii. Si gen de paran elèv Distri 75 pami sèt kandida ki te gen pi gwo kantite vòt yo, epi ke yo te chwazi nan CCSE a sou kondisyon, kidonk y ap chwazi de kandida ki gen pi gwo kantite vòt ke yo pa te chwazi anvan yo sou kondisyon pou mete yo nan de pòs ki rete vid nan CCSE a, dapre restriksyon ki di okenn lòt distri apa Distri 75 paka gen plis pase yon reprezantan paran nan CCSE a, eksepte jan yo di I nan seksyon I.E.1.c.iii. Si pa gen de paran elèv Distri 75 pami sèt kandida ki gen pi gwo kantite vòt yo, epi ke yo te chwazi sou kondisyon nan CCSE a, y ap chwazi sou kondisyon de paran elèv Distri 75 ki te gen pi gwo kantite vòt yo. Yo pa p ka chwazi yon twazyèm paran distri 75 sou kondisyon nan CCSE a, eksepte jan yo di I nan seksyon I.E.1.c.iii.
 - iii. Restriksyon yo dekri nan seksyon I.E.1.c.i ak I.E.1.c.ii pa aplikab pou sitiyasyon kote aplikasyon restriksyon yo ap lakoz gen pi pitit pase nèf paran manm nan CCSE a.
- d. Sizoka kandida yo gen menm kantite vòt, oswa si nan kòmansman, yo ta chwazi mwens pase nèf kandida, y ap òganize yon dezyèm tou. Nan ka sa yo, chak selektè ap vote pou yon kandida.
 - i. Lè l nesesè pou fè yon dezyèm tou poutèt gen kandida ki gen menm kantite vòt pou yonn oswa plizyè pòs ,se sèl kandida ki te gen menm kantite vòt yo y ap chwazi nan dezyèm tou a.
 - ii. Si li nesesè pou yo fè yon dezyèm tou pou CCSE akoz yonn oswa plizyè plas ki rete vid akoz restriksyon ki genyen pou pa chwazi plizyè kandida nan menm distri a (eksepte distri 75) oswa plis pase de paran distri 75, tout kandida yo pa t chwazi avan epi ki pa gen pitit nan distri ki deja gen reprezantan nan CCSE a, ap elijib pou yo chwazi yo nan dezyèm tou a. Si yo pa rive konble tout pòs yo nan dezyèm tou a, y ap aplike lè sa eksepsyon yo tabli nan Seksyon I.E.1.c.iii.
 - iii. Kote li nesesè pou yo fè yon lòt seleksyon akoz yo te seleksyone mwens pase de paran pou distri 75, se sèl kandida ki se paran distri 75 k ap elijib pou yo seleksyone yo nan seleksyon sa a.
 - iv. Lè l nesesè pou fè yon dezyèm tou poutèt gen yonn oswa plizyè pòs ki vid pou yon lòt rezon ki pa yonn nan sa yo presize nan seksyon I.E.1.d.i,

- I.E.1.d.ii, and I.E.1.d.iii, tout kandida yo potko chwazi yo ap elijib pou patisipe nan dezyèm tou a.
- v. Si li nesèsè pou fè plizyè lòt tou pou yo ka respekte kondisyon ki nan seksyon I.E.1.d.i, I.E.1.d.ii, I.E.1.d.iii, and I.E.1.d.iv ki pi wo a, y ap fè tou sa yo an menm tan men nan segman separe.
 - vi. Si nan dezyèm tou eleksyon an yo pa rive ranpli tout pòs yo, ajan endepandan k ap dirije pwosesis chwa pou Depatman Edikasyon Department of Education (DOE) a ap fè tiraj osò pou detèmine yon gayan, dapre menm restriksyon pou elijiblite ki genyen nan Seksyon I.E.1.d.i, I.E.1.d.ii, I.E.1.d.iii, and I.E.1.d.iv ki pi wo a. Men, nan ka yon kandida pa gen okenn vòt ni nan premye pwosesis eleksyon an ni nan dezyèm tou eleksyon an, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote yo dwe mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon I.I.1.b ak I.I.1.c règleman sa a.
- e. Si yon kandida yo chwazi pou ranpli yon pòs ki pa rezève pou distri 75 vin pa elijib ankò owa si yo diskalifye l apre pwosesis chwa a fini nan dat 25 jen ane eleksyon an oswa avan , y ap chwazi sou kondisyon kandida ki te vini an dezyèm plas nan vòt yo pandan premye tou a ki soti nan yon distri ki poko gen reprezantan nan CCSE a.⁴ Nan ka se yon kandida ki ranpli yon plas ki rezève pou distri 75, y ap seleksyone sou kondisyon kandida ki se paran yon elèv ki nan distri 75 ki te vin apre avèk plis kantite vòt nan premye seleksyon an. Si kandida ki devan nan pwosesis la jan l dekri pi wo a, vin gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis seleksyon an pou DOE ap detèmine gayan an dapre tiraj osò. Si pa gen kandida elijib ki rete pou yo chwazi, y ap konsidere genyen yon pòs vid nan CCSE a, ke y ap konble dapre pwosedi ki tabli nan Seksyon I.I.1.b and I.I.1.c règleman sa a.
 - f. Dire manda paran manm yo se de lane epi pa gen limit nan kantite manda yo.
2. Manm ke Defansè piblik NYC nonmen
Defansè piblik NYC ap nonmen de manm ki ka vote. De manm sa yo dwe se moun ki gen anpil eksperyans ak konesans nan domèn edikasyon, nan fòmasyon oswa nan anbochaj moun ki gen pwoblèm andikap ki pral kontribye anpil pou amelyore edikasyon espesyal nan lekòl Vil Nouyòk. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo. Kandida ki vle Defansè piblik la nonmen yo nan CCSE a ap jwenn yon aplikasyon nan biwo Defansè piblik la epi soumèt aplikasyon yo fin ranpli a nan biwo Defansè piblik la.
 3. Nominasyon elèv manm (ki pa ka vote)
Fonksyonè Anchèf Akonplisman pou Elèv ki gen Andikap ak pou Elèv k ap Aprann Lang Angle English Language Learners (ELL) ap chwazi yon elèv senior lekòl segondè ki gen yon IEP pou fè pati CCSE a. Manda elèv manm lan ap dire yon ane.
- F. Evalyasyon kalifikasyon/Elijiblite
Apre chwa sou kondisyon kandida yo men anvan yo kòmanse fonksyon yo, Chanselye a oswa reprezantan l ap detèmine si kandida yo elijib fè pati CCSE a. Si Chanselye a detèmine ke yon kandida pa elijib, y ap mete adispozisyon piblik la pou l gade desizyon Chanselye a ekri nan espas sèt jou apre li voye l nan biwo Borough yo ak nan biwo santral FACE. Y ap mete ak desizyon sa a rezon legal ak rezon valab lè yo pibliye l. Y ap ranplase ak kandida ki te gen plis vòt ki vin apre a tout kandida Chanselye a jije ki pa elijib pou pòs la, toutotan kandida a pa ta elijib akoz li soti nan distri ki deja gen reprezantan nan nan CCSE a.
- G. Kalandriye
Chwa manm CCSE a ap fèt dezyèm madi mwa me 2011 ak chak de lane apre sa, ak

⁴ Pou kandida ki diskalifye apre 25 jen ane yo te eli yo, y ap aplike pwosedi pou pòs vid ki tabli nan Seksyon I.I.1.b ak I.I.1.c règleman sa a.

manda k ap kòmanse 1ye jiyè apre seleksyon an fini. Yo dwe òganize pwosesis eleksyon an pandan yon peryòd 90 jou. Nan peryòd sa y ap mete tan yo pran pou pibliye pwosesis la, nominasyon paran, fowòm kandida, ak vòt selektè yo fè. FACE ap presize peryòd tan pou aplike règleman sa a.

H. Demisyon

1. Paran manm

Paran ki manm yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou bay demisyon yo. Chanselye a nonmen Reprezantan anchèf FACE pou resevwa demisyon yo onon l. Demisyon sa yo dwe efektiv dèke yo voye l oswa depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf pou angajman fanmi la, amwenske yo presize yon lòt dat, pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf la. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè Chanselye a dakò.

2. Manm ke Defansè piblik la nonmen

Manm Defansè piblik la nonmen dwe voye yon lèt ba Defansè piblik la pou bay demisyon yo. Demisyon sa yo ap efektiv dèke yo voye l oswa depoze l nan biwo Defansè piblik la, amwenske yo presize yon lòt dat, ki pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa klase l nan biwo Defansè piblik la. Manm yo pa ka chanje lide yo sou demisyon yo fin bay la, ni anile l, ni modifye l eksepte lè Defansè piblik la dakò.

3. Elèv manm

Elèv manm yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou bay demisyon yo. Chanselye a delege Fonksyonè Anchèf pou Akonplisman Elèv ki gen Andikap ak pou ELL pou resevwa demisyon yo nan non li. Demisyon sa a ap efektiv apati moman yo voye l oswa yo depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf pou akonplisman an, amwenske yo presize yon lòt dat, ki pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa yo depoze lèt la nan biwo Fonksyonè anchèf pou akonplisman an. Elèv la pa ka chanje lide l sou demisyon li fin bay la, ni anile l, ni modifye l eksepte lè Fonksyonè anchèf pou akonplisman an dakò.

I. Pòs vid

1. Pòs Paran manm ak pòs Defansè piblik nonmen ki vid

- a. Si yon manm CCSE refize oswa neglije ale nan twa reyinyon CCSE kote yo te avize l kòm sadwa pandan manda l san bay yon eskiz valab alekri, manm lan abandone pòs la.⁵ Yo dwe mete nan pwosè vèbal ofisyèl reyinyon sa a chak manm ki absan ak tout eskiz manm sa yo ekri pou bay. Asistan administratif la oswa Prezidan CCSE a dwe rapòte ba Defansè piblik la absans tout manm Defansè piblik la nonmen. Apre twazyèm absans ki pa motive, konsèy la ap deklare pòs la vid dapre desizyon ki pran nan yon reyinyon, epi yo l ap avize Chanselye a (oswa Defansè piblik la, kòm sadwa) konsènan desizyon sa a.
- b. Lè gen yon pòs paran manm ki vid nan CCSE a, CCSE a ap konble pòs vid la pou rès manda ki poko ekspire a nan yon reyinyon piblik. CCSE a ap kontakte paran elèv ki gen yon IEP yo avan li mete moun nan pòs la. Tout moun ki enterese pou konble pòs paran ki vid nan CCSE a dwe ranpli yon aplikasyon. Yo ka jwenn aplikasyon an nan CCSE a oswa nan FACE.
- c. Si CCSE a pa ranpli pòs vid la sou 60 jou apre yo anonse l akòz gen menm kantite vòt, Chanselye a ap vote pou depataje vòt la. Si CCSE a pa rive ranpli pòs vid la sou 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a ka nonmen yon moun nan pòs vid la.

⁵ Bagay sa yo reprezante rezon valab pou absans : lanmò yon moun nan fanmi li oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm CCSE a oswa yon manm nan fanmi manm lan, lòd tribinal pou l prezante l tankou nan jiri ; travay militè; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè absans yon manm nan reyinyon CCSE inevitab ak lòt rezon CCSE a jije apwopriye.

d. Lè gen yon pòs vid kote se defansè piblik la ki pou nonmen yon moun, l ap nonmen yon manm pou fè rès manda ki poko ekspire a. Kandida k ap chèche ranpli yon pòs yon manm Defansè piblik la te nonmen ki vin vid nan CCELL la dwe pran yon fòm aplikasyon nan biwo Defansè piblik la, epi soumèt aplikasyon l fin ranpli a nan biwo Defansè piblik la.

2. Pòs vid elèv manm

Nan ka se pòs yon elèv ki vid, Fonksyonè anchèf pou akonplisman Elèv ki gen andikap ak ELL ap nonmen yon lòt elèv dènve ane ki gen yon IEP pou fè rès manda ki poko ekspire a. Fonksyonè Anchèf pou Akonplisman elèv ki gen andikap ak ELL la ap fè OFEA ak CCSE a konnen ki elèv li nonmen.

II. KONSÈY DISTRI 75

A. Devwa ak Responsablite

1. Konsèy D75 la ap gen pouvwa ak devwa sa yo:

- a. Konseye ak fè kòmantè sou regleman edikasyon ak enstriksyon ki konsènan sèvis yo bay nan distri 75;
- b. Fè yon rapò anyèl sou efikasite distri vil la nan fasyon li bay elèv distri 75 sèvis epi fè rekòmandasyon kòm sadwa sou fason pou amelyore efikasite ak jan yo bay sèvis sa yo; epi
- c. Fè omwen yon reyinyon pa mwa pou tout piblik la kote piblik la ka diskite pwoblèm elèv distri 75 genyen.

2. Konsèy D75 gen dwa pou anplwaye moun, sipèvize, evalye ak revoke yon sekretè k ap jwe wòl sa yo:

- a. Prepare avi, agenda ak pwosè-vèbal reyinyon;
- b. Dokimante ak kenbe dosye jijman ak lòt reyinyon konsèy D75; epi
- c. Prepare materyèl pou rapò *briefing* ak lòt materyèl ki gen enfòmasyon pou reyinyon

B. Elijibilite

1. Paran manm ak manm Defansè Piblik nonmen

- a. Se sèl paran elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal (D75) ki elijib pou pwopoze tèt yo pou konsèy distri 75. Yo detèmine elijibilite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandida pou yon pòs nan konsèy D75. Yon paran ki elijib nan moman aplikasyon an, men ki ki pa gen yon timoun nan D75 ankò pandan dire manda l , pa p elijib ankò kòm manm apati dat li pa paran yon elèv nan D75 ankò.
- b. Moun sa yo pa elijib :
 - i. Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nonmen oswa eli nan pòs yon pati (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon rejyon *county*) ;
 - ii. Anplwaye k ap travay pou DOE kounye a;
 - iii. Moun yo kondane pou krim, ke yo mete deyò nan yon Konsèy Edikasyon Vil oswa CEC pou yon move zak ki gen pou wè dirèkteman avèk sèvis l ap ofri nan Konsèy Vil sa a oswa nan CEC sa a, oswa yo te kondane pou krim ki gen pou wè dirèkteman avèk Konsèy Vil oswa CEC sa a; ak
 - iv. Moun ki nan yon lòt Konsèy vil oswa nan yon lòt CEC.
- c. Anplis, moun nou pral site la yo pa elijib pou fè pati yon konsèy :
 - i. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon;

- ii. Moun yo te retire nan yon Asosyasyon Paran Parent Asosyasyon (PA) /Asosyasyon Pwofesè-Paran Parent Teacher Association (PTA) , nan yon Ekip lidèchip lekòl School leadership Team (SLT) , nan Konsèy Prezidan Distri, nan Konsèy lekòl segondè vil la, nan Komite Tit I, oswa nan konsèy lekòl kominotè pou yon move zak ki gen rapò dirèk ak sèvis I ap ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, komite, oswa komite dirijan sa a; epi
- iii. Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen yon konfli enterè dapre CR D-125.⁶

2. Elèv manm

Elèv lekòl segondè distri 75 k ap nan dènye ane pandan ane yo nan konsèy la elijib pou fè pati konsèy distri 75. Nan règleman sa a, yo konsidere yon elèv nan dènye ane lekòl segondè *senior* yon elèv ki gen apeprè 30 kredi lekòl segondè.

C. Nominasyon paran

1. Paran ki enterese ofri sèvis yo nan konsèy D75 ap soumèt yon aplikasyon yo ranpli sou entènèt pou pwopoze tèt yo kòm kandida nan www.nycparentleaders.org. Kandida yo ka aplike pou plis pase yon CEC ak/oswa Konsèy Edikasyon Vil *Citywide Education Council* la. Menmsi yo pèmèt kandida soumèt plizyè aplikasyon, yo pa pèmèt yo manm nan plis pase yon konsèy. Pandan epòk aplikasyon, kandida ki aplike pou ofri sèvis yo nan plis pase yon konsèy dwe klase konsèy y ap aplike yo nan lòd yo pito yo. Kandida yo chwazi sou kondisyon pou vin manm nan plis pase yon konsèy ap nan konsèy yo te chwazi anpremye pami konsèy yo chwazi pou yo mete yo sou kondisyon. Divizyon pou Angajman Fanmi ak Kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE) ap afiche delè pou soumèt aplikasyon yo sou sit www.nycparentleaders.org. Paran ki pa gen aksè nan Entènèt ka kontakte FACE pou jwenn yon lis lekòl ak òganizasyon lokal ki ka bay yo aksè nan yon konpitè ki gen koneksyon Entènèt.
2. Yo egzije kandida pou yo mete enfòmasyon sou chak lekòl distri 75 kote yo gen yon timoun nan moman an. Y ap konsidere yon reprezantan nan chak lekòl sa yo. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak lekòl kote li se yon reprezantan, li ka sibi diskalifikasyon depi Chanselye a vle.
3. Y ap afiche seksyon nan aplikasyon chak kandida (non, lekòl pitit yo ye, deklarasyon sou fòmasyon ak aktivite yo, ak deklarasyon pèsonel) sou www.nycparentleaders.org pou paran ak moun nan piblik la ka wè.

D. Selektè

Selektè paran manm konsèy D75 la se pral twa manm PA/PTA CR A-660 otorize nan chak lekòl distri 75 (sa vle di, prezidan, sekretè, trezorye).⁷ Paran ki kandida pou fè pati konsèy D75 pa elijib pou fè pati moun k ap seleksyone yo.

E. Fowòm kandida

1. Konsèy Prezidan (PC) distri 75 ap kolabore avèk FACE pou òganize yon Fowòm Kandida kote y ap pèmèt kandida pou konsèy D75 fè prezantasyon bay selektè ak lòt paran ak pati ki enterese.
2. Fowòm kandida yo dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan selektè yo nome yo vote nan dezyèm madi mwa me ane eleksyon an. PC D75 la ap chwazi yon lokal DOE, dat ak lè ki apwopriye pou fowòm kandida yo epi I ap pran tout pèmi ki nesèsè ki obligatwa pou fowòm kandida yo. FACE ap peye frè pou tout pèmi ki nesèsè yo ak lòt frè ki gen pou wè ak Fowòm kandida a.

⁶ Kondisyon sou elijiblité ki nan Seksyon II.B.1.b ak II.B.1.c règleman sa a valab tou pou moun defansè piblik la nonmen.

⁷ Nan ka kote gen ko-prezidan, ko-sekretè, oswa ko-trezorye, rès manm komite egzekitif PA/PTA yo ap deside kiyès k ap jwe wòl yon selektè.

3. FACE ap bay PC D75 kopi tiliv kandida yo ki espesifik pou distri a ki gen ladan l non ak deklarasyon pèsònèl tout kandida pou konsèy D75, pou yo distribye nan Fowòm kandida yo. FACE ap bay lòt sipò lojistik pou fowòm kandida yo, lè l nesèsè.

F. Pwosesis chwa yo

1. Seleksyon paran manm (ki ka vote)

- a. Selektè yo dwe ale sou sit wèb www.nycparentleaders.org pou yo vote. Depi selektè yo fin antre sou sit wèb la, y ap jwenn yon bilten vòt ki gen non tout kandida pou konsèy D75 la. Chak selektè ap vote pou de kandida. FACE ap bay selektè yo enfòmasyon pi detaye konsènan jan pou yo soumèt bilten vòt yo.
- b. Lè yo konte bilten yo :
 - i. Y ap seleksyone sou kondisyon nèf kandida ki gen plis kantite vòt yo. Men, okenn lekòl pa ka gen plis pase yon paran kòm reprezantan nan konsèy D75 la, eksepte jan yo prevwa l nan II.F.1.b.ii.. Si yo chwazi plis pase yon kandida nan menm lekòl la, y ap sanse chwazi kandida ki gen plis vòt la. Y ap retire nan lis la lòt kandida nan lekòl ki gen mwens vòt yo, epi y ap chwazi sou kondisyon moun ki gen plis vòt ki vin apre a nan lekòl ki poko reprezante nan konsèy D 75 la.
 - ii. Restriksyon yo dekri nan II.F.1.b.i pa aplikab nan ka kote aplikasyon restriksyon an ap lakoz yo chwazi pi piti pase 9 paran.
- c. Sizoka kandida yo gen menm kantite vòt, oswa si okòmansman yo ta chwazi mwens pase nèf kandida, y ap òganize yon dezyèm tou. Nan ka sa yo, chak selektè ap vote pou yon kandida.
 - i. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm tou pou yonn oswa plizyè pòs nan konsèy distri 75 la, se sèl kandida ki gen menm kantite vòt yo k ap elijib pou patisipe nan dezyèm tou a.
 - ii. Lè li nesèsè pou gen yon lòt tou eleksyon, paske poko gen moun nan youn oswa plis pozisyon lè yo fin aplike restriksyon ki nan Seksyon II.F.1.b.i ki fè yo pa ka chwazi divès kandida nan youn menm lekòl, tout kandida yo pat chwazi epi pitit yo pa nan youn lekòl ki deja gen reprezantan nan D75 la, ap elijib pou yo seleksyone yo nan lòt tou eleksyon an. Si yo pa rive konble tout pòs yo nan dezyèm tou a, y ap aplike lè sa eksepsyon yo tabli nan Seksyon II.F.1.b.ii.
 - iii. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm tou poutèt gen yonn oswa plizyè pòs ki vid pou yon lòt rezon ki pa yonn nan sa yo presize nan seksyon II.F.1.c.i ak II.F.1.c.ii, tout kandida yo potko chwazi yo ap elijib pou patisipe nan dezyèm tou a.
 - iv. Si li nesèsè pou fè plizyè lòt tou pou yo ka respekte kondisyon ki nan seksyon II.F.1.c.i, II.F.1.c.ii ak II.F.1.c.iii ki pi wo a, y ap fè tou sa yo an menm tan men nan segman separe, ki regwoupe kondida yo dapre kondisyon ki nan seksyon II.F.1.c.i, II.F.1.c.ii and II.F.1.c.iii.
 - v. Si nan dezyèm seleksyon an yo pa rive ranpli tout pòs yo, ajan endepandan k ap dirije pwosesis chwa pou Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) a ap fè tiraj osò pou detèmine moun ki genyen an, dapre menm restriksyon pou kalifikasyon ki genyen nan Seksyon II.F.1.c.i, II.F.1.c.ii ak II.F.1.c.iii ki pi wo a.. Men, nan ka youn kandida pa gen okenn vòt ni nan premye pwosesis eleksyon an ni nan dezyèm tou eleksyon an, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote yo dwe mete youn manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon II.J.1.b ak II.J.1.c règleman sa a.
- d. Si youn kandida yo chwazi vin pa elijib pou pòs la oswa si l vin diskalifye apre pwosesis seleksyon an fini 25 jen ane eleksyon an oswa anvan, y ap chwazi sou

kondisyon kandida ki te vin apre nan premye pwosesis seleksyon an.⁸ Si kandida ki devan nan pwosesis la vin gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis seleksyon an pou DOE ap detèmine gayan an dapre tiraj osò, jan l dekri pi wo a. Si pa gen kandida elijib ki rete pou yo chwazi, ap genyen yon pòs vid nan konsèy D75 la ke y ap konble dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon II.J.1.b and II.J.1.c règleman sa a.

e. Dire manda paran manm yo se de lane epi pa gen limit nan kantite manda yo ka pran.

2. Manm ke Defansè piblik NYC nonmen

Defansè piblik NYC ap nonmen de manm ki ka vote. De manm sa yo dwe se moun ki gen anpil eksperyans ak konesans nan domèn edikasyon, nan fòmasyon oswa nan anbochaj moun ki gen pwoblèm andikap ki pral kontribye anpil pou amelyore edikasyon espesyal nan lekòl Vil Nouyòk. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo. Kandida ki vle Defansè piblik la nonmen yo nan D75 la ap jwenn yon aplikasyon nan biwo Defansè piblik la epi soumèt aplikasyon yo fin ranpli a nan biwo Defansè piblik la.

3. Nominasyon elèv manm (ki pa ka vote)

Responsab anchèf pou akonplisman elèv ki gen andikap ak elèv k ap parann lang anglè ap chwazi yon elèv lekòl segondè ki nan dènye ane nan distri 75 pou fè pati konsèy D 75 la. Manda elèv manm lan ap dire yon ane.

G. Evalyasyon kalifikasyon/Elijiblite

Aprè chwa sou kondisyon kandida yo men anvan yo kòmanse fonksyon yo, Chanselye a oswa reprezantan l ap detèmine si kandida yo elijib fè pati konsèy D75. Si Chanselye a detèmine ke yon kandida pa elijib, y ap mete adispozisyon piblik la pou l gade desizyon Chanselye a ekri nan espas sèt jou apre li voye l nan biwo Borough yo ak nan biwo santral FACE. Y ap mete ak desizyon sa a rezon legal ak rezon valab lè yo pibliye l. Yo dwe ranplase tout kandida ke Chanselye panse ki pa kalifye avèk kandida ki te vin apre a nan kantite vòt, depi kandida a pa sòti nan yon lekòl ki gen reprezantan deja nan D75 la.

H. Kalandriye

Chwa manm konsèy D75 yo ap fèt dezyèm madi mwa me 2011 ak chak de lane apre sa, ak manda k ap kòmanse 1ye jiyè apre eleksyon an fini. Yo dwe òganize pwosesis eleksyon an pandan yon peryòd 90 jou. Nan peryòd sa y ap mete tan yo pran pou pibliye pwosesis la, nominasyon paran, fowòm kandida, ak vòt selektè yo fè. FACE ap presize peryòd tan pou aplike règleman sa a.

I. Demisyon

1. Paran manm

Paran ki manm yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou bay demisyon yo. Chanselye a nonmen Reprezantan anchèf FACE pou resevwa demisyon yo onon l. Demisyon sa yo dwe efektif dèke yo voye l oswa depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf pou angajman fanmi la, amwenske yo presize yon lòt dat, pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf la. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè Chanselye a dakò.

2. Manm ke Defansè piblik la nonmen

Manm Defansè piblik la nonmen dwe voye yon lèt ba Defansè piblik la pou bay demisyon yo. Demisyon sa yo ap efektif dèke yo voye l oswa depoze l nan biwo Defansè piblik la, amwenske yo presize yon lòt dat, ki pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa klase l nan biwo Defansè piblik la. Manm yo pa ka chanje lide yo sou demisyon yo fin bay la, ni anile l, ni modifye l eksepte lè Defansè piblik la dakò.

⁸ Pou kandida ki vin diskalifye apre 25 jen ane eleksyon an, y ap aplike pwosedi pou pòs vid ki nan Seksyon II.J.1.b ak II.J.1.c regleman sa a.

3. Elèv manm

Elèv manm yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou bay demisyon yo. Chanselye a delege Fonksyonè Anchèf pou Akonplisman Elèv ki gen Andikap ak pou ELL pou resevwa demisyon yo nan non li. Demisyon sa a ap efektif apati moman yo voye l'oswa yo depoze l' nan biwo Fonksyonè anchèf pou akonplisman an, amwenske yo presize yon lòt dat, ki pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa yo depoze lèt la nan biwo Fonksyonè anchèf pou akonplisman an. Elèv la pa ka chanje lide l' sou demisyon li fin bay la, ni anile l', ni modifye l' eksepte lè Fonksyonè anchèf pou akonplisman an dakò.

J. Pòs vid

1. Pòs Paran manm ak pòs Defansè piblik nonmen ki vid

- a. Si yon manm konsèy D75 refize oswa neglije ale nan twa reyinyon konsèy la pandan manda l' kote yo te avize l' kòm sadwa san bay yon rezon valab alekri, manm lan abandone pòs la.⁹ Yo dwe mete nan pwosè vèbal ofisyèl reyinyon sa a chak manm ki absan ak tout eskiz manm sa yo ekri pou bay. Asistan administratif la oswa Prezidan konsèy D75 la ta dwe rapòte ba Defansè piblik la tout absans manm Defansè piblik la nonmen. Apre twazyèm absans ki pa motive, konsèy la ap deklare pòs la vid dapre desizyon ki pran nan yon reyinyon, epi yo l' ap avize Chanselye a (oswa Defansè piblik la, kòm sadwa) konsènan desizyon sa a.
- b. Lè gen yon pòs paran manm ki vid nan konsèy D75, konsèy la ap konble pòs vid la pou rès manda ki poko ekspire a nan yon reyinyon piblik. Konsèy la ap kontakte PC D75 avan yo mete moun nan pòs la. Tout moun ki enterese pou konble pòs paran ki vid nan konsèy D75 la dwe ranpli yon aplikasyon. Yo ka jwenn aplikasyon an nan konsèy D75 oswa nan FACE.
- c. Si konsèy D75 pa ranpli pòs vid la sou 60 jou apre yo anonse l' akòz gen menm kantite vòt, Chanselye a ap vote pou depataje vòt la. Si konsèy la pa rive ranpli pòs vid la sou 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a ka nonmen yon moun nan pòs vid la.
- d. Lè gen yon pòs vid kote se defansè piblik la ki pou nonmen yon moun, l' ap nonmen yon manm pou fè rès manda ki poko ekspire a. Kandida k ap chèche ranpli yon pòs yon manm Defansè piblik la te nonmen ki vin vid nan CCELL la dwe pran yon fòm aplikasyon nan biwo Defansè piblik la, epi soumèt aplikasyon l' fin ranpli a nan biwo Defansè piblik la.

2. Pòs vid elèv manm

Nan ka se pòs yon elèv ki vid, Fonksyonè anchèf pou akonplisman Elèv ki gen andikap ak ELL ap nonmen yon lòt elèv dènye ane D75 ki elijib pou fè rès manda ki poko ekspire a. Fonksyonè Anchèf pou Akonplisman elèv ki gen andikap ak ELL la ap fè FACE ak konsèy D75 konnen ki elèv li nonmen.

III. PWOSESIS POU POTE PLENT

Yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou pote plent osijè moun ki pa respekte règleman sa a sou senk (5) jou apre swadizan vyolasyon an, epi yo dwe mete nan lèt la rezon espesyal pou plent lan.

IV. ASISTANS TEKNIK

FACE pral kontwòle aplikasyon pwosedi ki nan règleman sa a, epi l' ap bay asistans teknik lè l' nesesè.

⁹ Bagay sa yo reprezante rezon valab pou absans : lanmò yon moun nan fanmi li oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm konsèy D75 la oswa yon manm nan fanmi manm lan, lòd tribinal pou l' prezante l' tankou nan jiri ; travay militè; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè absans yon manm nan reyinyon konsèy D75 inevitab ak lòt rezon konsèy D75 la jije apwopriye.

D-150

PWOSESIS POU SELEKSYON MANM KONSÈY EDIKASYON ESPESYAL VIL LA
AK KONSÈY DISTRI 75 VIL LA

26 jen 2012

11 nan 11

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou dwe konsidere rele :

Telefòn :
212-374-2323

Division of Family and Community Engagement
N.Y.C. Department of Education
49 Chambers Street – Room 503
New York, NY 10007

Faks :
212-374-0076